

Kesyon ki a ede w fè bon konklizyon

Objektif: Poze kesyon pou w ka pran sans sa w ap li a.

Liv ki Rekòmande: Powèm Langston Hughes la ki rele “Dreams”

Repons: Ekri kesyon sou powèm nan. Nan ka sa a, pitit ou a dwe konnen kijan pou l itilize strateji a. Nan egzanp sa a, pa t gen yon modèl pou konpreyansyon. Ou ka bay yon modèl lè w pèmèt pitit ou a reyalize ke ou menm tou konn gen difikilte konprann kontèks lekti yo.

Egzanp sa yo anba montre w yon seri de kesyon ki sot nan yon powèm:

- Ki sa “kenbe rèv byen di” vle di?
- Èske fraz “Lavi se yon zwazo ki gen yon zèl kase” vle di lavi a plen ak mizè ak difikilte?
- Lè w pa fè rèv, èske w mouri?
- Powèt la vle kenbe rèv sa a. Èske li gen esperans oubyen lapèn?
- Èske sa se apwopo yon rèv, tankou yon rèv dòmi?
- Ki sa yon jaden esteril ye?
- Poukisa pa gen okenn bagay ki leve?
- Èske se osijè de lanmò powèt la t ap panse?
- Èske volontè li te fèt vre?
- Èske sa a se te yon move rèv otè a te genyen?
- Èske ke li te gen yon espwa ki pa t janm reyalize?
- Ki lè li te ekri sa?
- Èske l vle di ke si nou pa gen rèv, nou pa gen espwa?

Resous Nou Rekòmande

Amelia’s Road, ekri pa Linda Altman

Charlie Anderson, ekri pa Barbara Abercrombie

The Day of Ahmeds Secret, ekri pa Florence parry Heide & J.D. Gilliland

Elizabeth, ekri pa Claire Nivola

How Come? ekri pa By Kathy Wollard

The Librarian Who Measured the Earth, ekri pa Kathryn Lasky

Pink and Day, ekri pa Patricia Polacco

The Potato Man, ekri pa Megan McDonald

Something Permanent, ekri pa Cynthia Rylant

Storm Boy, ekri pa Paul Owen Lewis

UFO Diary, ekri pa Satoshi Kitamura

The Van Gogh Café, By Cynthia Rylant

Why Is the Sky Blue? By Sally Grindley

Liv ki ekri pa Eve Bunting

A Day’s Work

Fly Away Home

How Many Days to America?

The Wall

The Wednesday Surprise

Liv ki ekri pa William Steig

The Amazing Bone

Brave Irene

Dr. Soto

Gorky Rises

Salomon and the Rusty Nail

Sylvester and the Magic Pebble

Patisipasyon Paran yo Nan Edikasyon

Strateji pou Konpreyansyon Lekti

Poze Kesyon:

Strateji sa a bay lektè yo bonjan bourad..

Kesyon se yonn nan bagay ki pi enpotan pou konpreyansyon.

Men Ki jan Poze Kesyon Ede Nou:

- Klarifye konfizyon
- Pouse nou fè plis efò

Poukisa Nou Dwe Poze Kesyon?

An jeneral, timoun pa reyalize ke bon lektè yo konn poze kesyon tou. An reyalite, anpil granmoun panse li pi enpòtan pou w reponn kesyon ki nan liv yo anvan yo poze pwòp kesyon pa yo. Poze kesyon fè nou antre pi lwen nan sa n ap li a. Lè pitit ou a poze kesyon, l ap chache repons an. Sa montre l ap byen kominike ak tèks la.

Enfòmasyon yo soti nan liv sa a:

Strategies that Work, ekri pa Stephanie Harvey & Ann Goudis

Pataje Kesyon Sou Bagay Ou Sot Li a

Objektif: Ekri kesyon ki efikas pou w montre kesyon ou genyen lè w ap li.

Liv ki Rekòmande: Piblikasyon ki rele *The God of Small Things*, ekri pa Arundhati Roy

Repons Itilize ti fèy nòt ki gen lakòl pou w kole sou paj yo. Ideyalman, ti fèy sa yo dwe gen pwen dentewogasyon (?) sou yo. Aprè sa, paran an ak elèv la ap pale sou kesyon yo.

Tout lektè e menm granmoun konn poze kesyon. Ekri kesyon yo nan ti fèy nòt yo, epi atache yo sou pasaj la.

Ou kapab jwenn repons lan nan pasaj la pou yon kesyon rapidman, jous apre oubyen ditou.

Anba a se yon egzanp ki montre ki jan ou kapab itilize pwen dentewogasyon (?)

Mwen renmen tit la, men poukisa yo rele istwa a “The God of Small Things?”



Ki sa mo “paravan” an vle di?

Se yon moun ki fè pati gwoup yo rele “pa manyen yo” nan peyi End.



Kisa!!! (ou ka itilize ek-pressyon sa a lè w twouble)



Gen Kesyon ki Reponn, men Genyen ki Pa Reponn

Objektif: Kòmanse poze kesyon; e òganize kesyon yo yon fason pou w ka gen bon konpreyansyon.

Liv ki Rekòmande: Liv foto *Charlie Anderson* an, ekri pa Barbara Abercrombie

Repons: Kreye yon dyagram ki gen yon lis kesyon timoun konn abitye poze. Itilize senbòl pou reprezante diferan tip de kesyon, tankou: **R**: pou kesyon ki te reponn; **BK**: pou kesyon sou enfòmasyon baz; **I**: pou kesyon sou enferans ak prediksyon; **D** pou kesyon sou diskisyon; **RS**: pou kesyon sou resèch; **C** or **Kisa?** pou kesyon ki trouble w.

Kesyon sa yo ki anba a sot nan liv *Charlie Anderson* an. Kesyon sa yo baze sou imaj yo ki sou kouvèti liv la ak rezime ki vini anvan kòmansman liv la. Lè w fin li pou pitit ou a, itilize senbòl ki apwopriye ya. (egzanp: **R** pou reponn).

- Poukisa liv la rele *Charlie Anderson*?
- Ki chat sa a ki nan lakou a?
- Poukisa pòt la te ouvè toupiti?
- Èske chat la renmen pòm detè fri?
- Ki kote chat la ale chak maten?
- Poukisa li te vin pi gra chak jou?
- Èske yo te sonje Charlie lè yo te konn vizite papa yo pandan wikenn nan?
- Poukisa Charlie p at vin lakay pandan les-wa?
- Èske l ap anfòm?
- Kòman Anderson sanble menmjan ak Charlie?
- Ki fanmi Charlie renmen plis?

Sèvi Ak Kesyon Pou w Jwenn Plis Enfòmasyon

Objektif: Ekri kesyon ki kapab ede w panse e imajine pi byen

Liv ki Rekòmande: Liv ki pale de istwa lejann ak bagay ki baze sou imajinasyon.

Repons: Ekri kèk kesyon ki òganize an de kolòn; fè de soutit ki rele “Kesyon & Repons”

Chawzi yon sijè sou yon bagay ou te fè deja. Kèk egzanp se vakans, travay ak rann fanmi ki rete lwen yo yon vizit. Devlope kesyon sou bagay ou konn abitye panse de yo. Pran tan pou w diskite bagay sa yo ak pitit ou a—sitou si li genyen difikilte.

Itilize yon kaye pou w ekri yon lis de sijè enteresan ki atire pitit ou a tankou kesyon sou bagay li konn li yo ak kesyon pou resèch.

Anba a montre kèk kesyon enteresan :

- **Anakonnda:** Kòman fe yon anakonnda kapab sere di konsa tandiske li parèt tou plat e tankou yon gwo zotobre ki byen miskle?
- **Siklòn:** Kòman yo fòme? Nan ki sezon? Ki kote?
- **Kolòn Vètebral:** Poukisa ou ka vinn paralize e menm mouri si w kase kolòn vètebral ou?
- **Reyaksyon alèjik:** Kòman fè ou ka mouri si gèp pike w? Kijan grenn pistach ka fè w gonfle? Poukisa sant cheve ak plim ka fè w estènen anpil?
- **Makak ak primat:** Poukisa kò yo gen balans konsa? Poukisa yo ka kanpe sou yon seri de branch ki fen anpil e menm